



15 jen 2022

Chè paran/gadyen,

Nou kontan anonse ke nou pral bay TOUT elèv distri West Orange yon lòt fwa ankò petidejene ak manje midi lendi rive vandredi. Ofre manje sa yo ap kòmanse madi 5 jiyè epi fini vandredi 29 jiyè. Tanpri sonje ke manje maten ak manje midi sa yo ap disponib pou TOUT elèv distri West Orange nan 2 lekòl sa yo:

Lekòl Elementè Washington ki sitiye nan 289 Main Street

West Orange High School (Kafeterya Tarnoff) ki chita nan 51 Conforti Avenue

Yo pral sèvi manje maten soti 8:00 am jiska 9:30 am.

Yo pral sèvi manje midi apati 11:00 am jiska 1:00 pm.

Y ap prepare repa cho kap sèvi pou elèv West Orange ki gen 18 an oswa pi piti. Yo p ap ofri repa pou ale oswa manje nan sachè epi yo pral mete tab disponib plas nan kafeterya ki nan Washington ak nan kafeterya Tarnoff ki nan West Orange High. Si w gen nenpòt kesyon, tanpri kontakte Sèvis Manje ya nan 973-669-5400 x 20595.

Avèk respè,

Lorie Cragle Strovar

Direktè Sèvis Manje